

Pembantoe sareng agens:
 Priangan koelon
 Bestuur Pasoeendan Bogor.
 di Tjandjoer
 Bestuur Pasoeendan Tjandjoer.
 Priangan tengah
 H. B. Pasoeendan Bandung.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoeendan Tasikmalaja.

Diitak di Drukhoel Soekopoen Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agens:
 Priangan wetan
 Bestuur Pasoeendan Tjiamis.
 Djawa wetan
 Bestuur Tjabang Pasoeendan Soerabaya.

Redakteur:
 SOETISNA SENDJAJA
 ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
 SOERADIRADJA.

KARANGAN ariana ka REDACTIE Heerenstraat 31.
 POSTWISSEL sareng serat nos sareng deul ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeuweg No. 12 Tasikmalaja.
 LANGGANAN. 3 sasih 1,50 Dibayar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Pangas ADVERTENTIE:
 1/10 katja f 2,50 }
 1/20 " f 1,50 } Sakali moeat
 Langganan langkoeng mirah.

Inlandsche meerderheid in de Volkraad (kaleuwihan pribomi).

Wallobos 'alam koemaha sarilahna, ngan djol djol ger bae ngagedag, moen seuneu tea mah; kumpa geus teu tapis noempes, noe paliinter teu barisa meper geundjeung saboemi alam, marsoetkeun protelan Pamarentah, noe koe Volkraad mah tjan atjan dibadamikeun.

Tapi mani goedjroed salelemboer, oeroe-ara sanagara, nagara soteh . . . nagara asing, lain nagara kapriboomian.

Kitoe geuning ari batoer mah, teu tjara oerang boga sipat kadeunan, paribasa koemaha geuw-ek batoena ketjeboer tjaina. Tabat batoer kitoe teh koe oerang koedoe ditiroe, da ari geus poegoh rengkolna dina, setat seblad mah, soesah dionggal-onggetna deui. Tjenah eta sok hese tjape teu kapake, keun bae stoeh teu koedoe djadi pikir pikir teuing. Komo moen teu boeka s-wara-soesra atjan mah, meureun dis-boetkeun toemarima oge moal kojo.

Mana ajeuna, koering mah katjida teu ngartina, naon sababna noe matak hoepbistoer oerang, babakoena djr. Otto bet kadengena teh asa djemping bae teu ketjet-ketjet, toer pedahl perkara ieu teh katjida moendelna anoe oelah dibaekeun tea. Pamandjeuhan batoer noe koedoe ngareunah ngueunah teh, da geus saradia pangartina, sanadjan didadak oge, Mr. Dr. geus ngalutak, tapi masih baroetkeun keneh pisan koe semet batoer teh, pikeun nambah-nambah katrangan dina gerna taroeng. Naha atoh ari tabat oerang, bet katololojoh, eukeur mah bahan samporet, kadaek koerang, ler djeun. Pangna koering bisa nje-voet kitoe soteh, pedah teu atjan matja bewara-bewarana atjan, koemaha Standpunt pangoengtoen oerang tina bab ieu, djeung nanja ka oenggal-oenggal tjabang.

Moega-moega bae ieu djadi panggeuing!

Lain koering peupeuleukeuk, atawa kokolot begog, koemawani njarita tina bab ieu, tapi pamakoedan teh lajang oelah katinggaleun marsoetkeun protelan tea, sangkan loba noe ngadardarkeun setemna dina Sipatahoenan, sasadiaan geusan meeting Pasoeendan (???)

Deui bedja anoe datang ka oerang teh, meureun sarerea oge geus pada oeninga, jen engke dina taon 31 lolobana elid teh rek diatoer, 25 Europeanen 30 Imbeemachen djeung 5 Vreemde Oosterlingen. Tah ieu, pedah bangsa oerang panglobana, anoe djadi tjektjok deungeun-deungeun teh.

Meureun tjek oerang teh: „Hawek! kamomogan! hajang ngeunah sorangan, teu boga boedi roemasa!!!“

Sok komo moen aja bedja rek di demokratiskeun pisan bagbagan ngolah nagara teh, kakara koe aja bedja kitoe oge, mani geus teu poegoh dengekeuneunana, mani asa rawing tjenui.

Geura mangga maranah. Ari Volkraad teh tjenah wawakil rahajat. Europeanen anoe lolobana kira-kira aja 200 reboe djelema diwakilan koe 25 djelema, djadi nitih 8 reboe saoeuranga, oerang pribomi anoe 50 joeta diwakilan koe 30 djelema, nitih 1 2/3 joeta saoeuranga.

Ana kitoe semet (kaperloean) noe 8 reboe djelema teh saroca djeung 1 2/3 joeta oerang pribomi; tatandi-

nganana meureun 8 : 1666? atawa

jeu paupadji oerang pribomi teh kakara 1/200 na oerang Europa. Koemaha rase, kira kirana?

Ke, ke, oelah waka atoh lnan, sabab eta teh kakara itoengan sa-bengbrong bae noeroetkeun rengkolna angka, itatjan dimalang saeroepkeun djeung oenak-anikna.

Mimiti koedoe ditingali tanaga anoe djadi wawakil, saha noe ngawakilan oerang djeung saha noe ngawakilan itoe. Tobat, lain koering rek ngahibina soemawonna njaritampah ka sana pati oerang, teu pisan pisan, maksoed koering mah ngan rek ngabedak-un kertas bae, kapan ari djago batoer mah meh kabeh djolna ti Universiteit (sakola tinggi), malah aja professor pisan. Atoeh meureun ari meunang pangadjaran loeloeur mah keuna koe babasan saberoengna, sapaloengna, da geus leuwih ti noe loba ambalanana tea, moal datang ka sisip akal, pikeun tjongtjat-tjingtjerna, beulat-beulitna, katoeroeg-toeroeg koe toemsn ti boe-bodak oelo-bioeng kana kapoelitikan.

Koemaha ari wawakil oerang? Poegoh bae djago oerang oge aja noe satanaga djeung batoer, ngan teu rea, katoeroeg toeroeg pasantrenna loba noe teu loeloeur tjara batoer; meureun aja deui bae pibasaanana oge „sapinterna, satunggina“ da ngan oerang ti sakola pertengahan, komo moen ti sakola handap pisan mah, teu koedoe djadi tjaritna. Ari uitznderingen mah niet uitgesloten, montong djadi argument, da mapan boekti ajeuna oge aja hidji doe.

Koe tjektjokkan ieu, djol beh bae, jen djaba ti ngan 1/200 na teh make ngaganda tanaga deui.

Deui, pangapoenten kitoe soteh, kaom oerang sok aja keneh anoe biloek ka moesoeh—moen moesoeh tea mah—, masih aja keneh noe heunang koe pangaroeh kamoeljaan, anepi ka lat kana poerwa daksina, tjok ti ditoe, njegag ka oerang. Ieu oge moegi oelah lali, koedoe deui djadi pangaoerangan kana noe 1/200 tea.

Katoeroeg toeroeg kadjaba ti kitoe teh, noeroetkeun bedja mah, rek dirobah atoeun kiezerana oge Tjenah moal poetoos koe tjara atoean ajeuna bae, noe atjan nepi kana pamakoedan oerang tea, tapi rek ditambah koe saeuer invloedrijke personen. Ieu bakal dipaparinan hak milih deui. Koe bedja ieu oge, kadengena asa katjida teu meranahna, djiga anoe saih-asihan, sarta ieu mah saeuh piwateunana, semet koemaha djeung noe koemaha noe diseboet gede kakawasaanana teh. Ari pikir koering sajeuna mah, noeroetkeun boekti, teu aja deui ari noe boga kakawasaan mah kadjaba ti anoe ngerah nagara, tjara boepati, wadana tjamat djeung sabangsana. Djaba ti eta bangsa kapala kaom deui, tjara pangooloe djeung salianana; bangsa noe beunglar oge djiga moal tiuggaleun.

Oepama enja eta bedja tea, kadjadian s koemaha pangira koering, taksiran moal matak ngagedekeun hate deui bae, sok sieun koe roepa-roepa panjakit, anoe matak koerang njebatkeun kana kadjadianana milih. Ma'loem sadajana oge pada oeninga, geuning ari geus deuteuk kana waktoena teh, manf pasooliwer tjara sasara djadi, masih masih moen noe paboehis teh matak djadi tamba, oentoeng noe aja, tapi koemaha moen matak bekeh kawaja mah, ripoeh di nationalistenna atoh.

Ari ri tah ti babahenla

jeu paupadji oerang pribomi teh kakara 1/200 na oerang Europa. Koemaha rase, kira kirana?

Ke, ke, oelah waka atoh lnan, sabab eta teh kakara itoengan sa-bengbrong bae noeroetkeun rengkolna angka, itatjan dimalang saeroepkeun djeung oenak-anikna.

Mimiti koedoe ditingali tanaga anoe djadi wawakil, saha noe ngawakilan oerang djeung saha noe ngawakilan itoe. Tobat, lain koering rek ngahibina soemawonna njaritampah ka sana pati oerang, teu pisan pisan, maksoed koering mah ngan rek ngabedak-un kertas bae, kapan ari djago batoer mah meh kabeh djolna ti Universiteit (sakola tinggi), malah aja professor pisan. Atoeh meureun ari meunang pangadjaran loeloeur mah keuna koe babasan saberoengna, sapaloengna, da geus leuwih ti noe loba ambalanana tea, moal datang ka sisip akal, pikeun tjongtjat-tjingtjerna, beulat-beulitna, katoeroeg-toeroeg koe toemsn ti boe-bodak oelo-bioeng kana kapoelitikan.

Koemaha ari wawakil oerang? Poegoh bae djago oerang oge aja noe satanaga djeung batoer, ngan teu rea, katoeroeg toeroeg pasantrenna loba noe teu loeloeur tjara batoer; meureun aja deui bae pibasaanana oge „sapinterna, satunggina“ da ngan oerang ti sakola pertengahan, komo moen ti sakola handap pisan mah, teu koedoe djadi tjaritna. Ari uitznderingen mah niet uitgesloten, montong djadi argument, da mapan boekti ajeuna oge aja hidji doe.

Koe tjektjokkan ieu, djol beh bae, jen djaba ti ngan 1/200 na teh make ngaganda tanaga deui.

Deui, pangapoenten kitoe soteh, kaom oerang sok aja keneh anoe biloek ka moesoeh—moen moesoeh tea mah—, masih aja keneh noe heunang koe pangaroeh kamoeljaan, anepi ka lat kana poerwa daksina, tjok ti ditoe, njegag ka oerang. Ieu oge moegi oelah lali, koedoe deui djadi pangaoerangan kana noe 1/200 tea.

Katoeroeg toeroeg kadjaba ti kitoe teh, noeroetkeun bedja mah, rek dirobah atoeun kiezerana oge Tjenah moal poetoos koe tjara atoean ajeuna bae, noe atjan nepi kana pamakoedan oerang tea, tapi rek ditambah koe saeuer invloedrijke personen. Ieu bakal dipaparinan hak milih deui. Koe bedja ieu oge, kadengena asa katjida teu meranahna, djiga anoe saih-asihan, sarta ieu mah saeuh piwateunana, semet koemaha djeung noe koemaha noe diseboet gede kakawasaanana teh. Ari pikir koering sajeuna mah, noeroetkeun boekti, teu aja deui ari noe boga kakawasaan mah kadjaba ti anoe ngerah nagara, tjara boepati, wadana tjamat djeung sabangsana. Djaba ti eta bangsa kapala kaom deui, tjara pangooloe djeung salianana; bangsa noe beunglar oge djiga moal tiuggaleun.

Oepama enja eta bedja tea, kadjadian s koemaha pangira koering, taksiran moal matak ngagedekeun hate deui bae, sok sieun koe roepa-roepa panjakit, anoe matak koerang njebatkeun kana kadjadianana milih. Ma'loem sadajana oge pada oeninga, geuning ari geus deuteuk kana waktoena teh, manf pasooliwer tjara sasara djadi, masih masih moen noe paboehis teh matak djadi tamba, oentoeng noe aja, tapi koemaha moen matak bekeh kawaja mah, ripoeh di nationalistenna atoh.

oelah pati dipake gede goenoeng pauanggeuhan. Ngan lamoen bae nepi ka noker-nouggoengna kana eta pamakoedan pamarentah, anoe kaitoeng hade oge, nja moetoeb, nepi kana pamostoenganana.

Tadi di loehoer koe koering geus diseboetkeun jen Inlandsche meerderheid teh pangomean, anoe dimanah koe pamarentah pikahareupeun.

Hal ieu pamakoedan, anoe sakitoe hadena, koe oerang teu koedoe djadi hate, sanadjan teu atjan nepi kana saeumaha tjita-tjita bangsa pribomi, nja eta zoogenaamde zuiver democratisch (da ari democratisch pisan mah djaoeh teuing), koe oerangna koedoe ditampa reudjeung kagoelighan hate bae, malah mandar beuki hareup beuki deukeut kana saeuer noe diangkeuh. Geuning mapan boekti, lamoen dibanding-banning ti kaajaan lepat Volkraad mimiti djeung ajeuna, nja geus rada teu woedoe oge kamadjoeanana teh, geus eungkeuteungkeut. Atoeh soegan bae engke mah dina periode noe pageto, beuki nambahan deui kahadeanana djeung kakawasaanana Volkraad teh.

Tapi sadjeroning kitoe, ari sarat mah oelah tinggal, koedoe landoeng aisan di oerangna, bisi enja saeumaha bedja tea, jen anoe boga hak milih tea rek ditambahan koe invloedrijke personen tea.

Tadi oge tjek koering, geus manggoesahkeun milihna, koemaha wates wangonna eta kakawasaan, sabab saeuh pisan pikeun oekoeranana. Geura bae, rek njeboet tjonto saeutik. Kakawasaan noe djadi oelama djeomboer tampolana mah sok ngereh nagara, sapokna, estoe didjieun oewet, tjara Kiai Tjaringin, malah di padoe moekan koering oge aja bangsana Oelama anoe teu eleh kawasaan koe noe djadi Dalem oepamana. Koemaha kira-kirana noe pantar kitoe kasoeop oge kana invloedrijke personen? Lamoen henteu teh, asa teu adil Djaba ti eta, saeuer noe djadi leader pakoempolan. Ieu oge teu koerang kawasaan, komo tjara noe geus sohor pisan mah, tjara djoeragan Tjokro, geus teu koedoe ditjaritakeun deui, tjatjakan eta oge anoe pararentil keneh, anoe teu atjan djadoeg pisan (plaatelijke leiders), geus teu woedoe katoeroelna koe djelema teh.

Oepamana noeroetkeun papajan koefing bieui di loehoer anoe boga kakawasaan teh roepa-roepa golongan: I kapala anoe ngolah nagara II kapala kaom (Panghoeloe) III bangsa oelama-oelama. IV pangoengtoen-pangoengtoen pakoempolan, djeung ka

V noe kararja (baleungkar mentjal ti noe lian), djaba ari noe boga kakawasaan met onguustige beteukenis mah, tjara pendjahat-pendjahat djeung sabangsana, ieu mah teu asoeop kolek.

Koe sabab eta tina hal ieu, wawakil wawakil oerang teh saat koedoe sing arariatna pisan, oelah tjampoleh bisi matak nambahan katutoemari-maan ka rahajat. Malah ari koe kahajang koering mah anoe bodo, diatoer kitoe mah katjida teuing besena, di beunangna oge pidjalaneunana, moal sepi tina ngadardarkeun panjela, panjawad reudjeung panjempad. Naha mending maua djeung diatoer kieu saheulaanan, ontong koe djalan kitoe nambahan kiezer keur Volkraad raad teh, sabab baliwet teuing, same-meh democratisch pisan mah.

Sakoer noe baroga hak milih teh, sadjabaning ti anoe geus aja dina wet ajeuna, ditambahan koe saeuer bangsa pribomi, anoe geus taramat pangadjaran sakola Walanda djeung sabang-

Ti pipir hawoe.

Tawoa noendoelan.

Rek reup pisan dina djeore da-reksi, bet aja noe mariksa, saorna teh: „Aukat ka mana, lo?“

„Heheh, bade ka Bandoeng.“

„Boemi di mana?“

„Di Sirgadja.“

„Koemaha seueur di ditoe noe maos Sip?“

„Kaetang seueur oge.“

„Aneh“ Saer Bendara bari semoe mikir. „Aneh, bet loba noe resep!“

Na koemasa? tjek oeing beuki tjoringhak.

Eum, da soerat kabar ahli sirik. Geura teu boga boedi roemasa, ajeuna mah make sok ngoetik-ngoetik ka menak-menak. Atoeh kapan toempa-toempa. Anak tjatjah djadi menak, is“

„Naon deui?“

„Ah, seueur deui, babakoena mah, amnah nja eta bae koe tara resep- nendjo kamoeljaan deungeun!“

„Asanah! Leres pisan eta teh Bendara: asanah, rarasaan, rasa bobodan, da ari asenjana mah teu aja noe sirik. Noe dipareboetkeun teh recht, hak, noeroetkeun kamanoesaan, kaadilan. Pangna boga rasa dipikasirik, doemeh getrik-getrik. Tjara ki Sautri goedig, keur mahmah mihmih dahar boeboej sampun, digeunggeureuhkeun koe adjeungan, tina teu ngagehkeun batoer, toeloej bae koe koelotoes: madjar teh sirik. Teu ujuho adjeungan ngan ngetingan.“

Alam ajeuna Marhaen bounta. Kahajagna hak djelema keur oenggal loeloe koedoe saroca, Ki Adil joelah nunjakeun toeroenan, oelah nendjo roepa. Tah kitoe, lain sirik!“

„Bet koloesd pindah! Tajohna seun ngit.“

Gelenjoe.

(*)

sana (H. I. S. Schakelschool) ari auggor-angeranana tjara noe enggeus-enggeus bae. Nja eta koedoe djadi belastingbetaler, djeung oemoerna oepama saeuer koerangna 25 taehoeu sarta padoemoekanana di tanah oerang, Indonesia.

Tjek koering soteh, anoe temponangan oekoer nepi ka kolong, asa beres-temen lamoen diatoer kitoe teh, moal-aja geusan sisirikan, estoe atra, djeung babari njeun oegeranana.

Malah aloesna mah, lamoen karoe-djoekan koe pamanggoel-pamanggoel-pakoempolan, heug engke dina meeting anoe rek diajakeun koe iniatief-na djrg. Djajadiingrat kalawan ngadjak ka B. O., Pasoeendan, P. S. I. djeung salianna, hal ieu teh, saeumaha noe dipihatoer koe koering tea di loehoer, didaramel motie, kitoe soteh oepamana sidik sabedja anoe kadeuge djeung kabatja koe koering, jen santal kiezer rek vermeerderd koe invloedrijke personen tea.

Moedah-moedahan aja tapatna.

Oea Nasy.

I. E. V. vergadering afd. Batawi.

Sabadana noelis artikel noe di loehoer, bet bresh matja verslag pondok-na I. E. V. di Batawi, polara bajang seurina ditjampoeran koe seueul-angen.

Ari hajang seurina teh, koe asa ngadenge omongan boedak leutik, ari teges hajang teh, ngan semet

TI Padoekoehan Tooneel.

Alwasim: Sing horeng ajeuna mah lain di dajuh bae, di Padoekoehan oge geus aja pakoeupoelan tooneel.

Alwasim: "Noe koemaha tooneel noe hade teh aka?"

Alwasim: "Tooneel noe hade mah koedoe noe djiga dikieuna. Ari tooneel djiga tooneel ngah goreng."

Alwasim: "Ari noe di tooneelkeun di oerang, eta teh onja aja kadjadian kitoe di oerang aka?"

Alwasim: "Is eta mah karangan, djidjionan, mana teu oeni oge?"

Alwasim: "Enja, koering mah koe teu resep, mani era parada, hajang seuri koneng."

Alwasim: "Da lamoen aka mah noe djadi si Kodok (!), bade dieun djoekeun ka Kangdjeng Pokrol Djendral, toeman, bisi noeroen."

(!) Wah, si Abang Keras betoel oeddeh. Kasi Roti adjeedeh, (Corr)

TI Padoekoehan.

Keur waktos sim koering loentang lantoeung, ngadagoan kareta api di station Pdl. djoi aja noe saroeung, istri-pameget, sepeh sepeh, bangoen bangoen oerang prijadi, doeka meunang pameoan henteuna mah. Ngan istrina anoe patangkra peuteungkreu djiga ieu aing noe pangnjai-njaina.

Naa ana haeleung teh mariksa ka sim koering: "Andjeun teh saha?" "Kana naon damel?" "Sabaraha gadjuh?"

Sanggus didjawab koe sim koering diatjokeun, toeloj malik ka noe nguring, ret ka tjaroje, torostos sasaoeran tjara kntjeng ninggang kadjang: "Alo Tjamat, Kang Wadana, Ki C. A., Ki C. A. Mang Panghoeloe enz.

Manggaaa bae sehatan!
Sakalian, naha aji Departement teu diseboet!

Kontak.

hajang bae, euweuh argumentna (katrangan), radjeun oge ditambahan koe tjuruk. Ieu oge I. E. V. nja tjara kieu, tjeples teu mitjeun sasieur, meluh moen tjek oerang Batawi mah diseboet "Otak oedang" oge maal jojo, kono djrg. Parada mah nepi ka pok bae, omong koso ng' tjenah.

Demi matak seueulna, eta omonganana sakabeh spekers op twee na toean Voorzitter djieung toean Van Bualen, estoe sakatoemplang tjempleng teu reudjeung pikiran, kabeul matak piambekeun kadengena teh.

Tjeuk noe saerang; oerang priboemi mah teu atjan meudjeulna dibere Inl. meerderheid, koedoe'engke 300 taoen deui, da teu atjan aja kabegoena.

Tjeuk saerang deui, Inlanders mah sanadjan 40 joeta oge, euweuh pisan hartina, ngan oekoer djadi panceoeng oerang.

Aja deui noe njarita, atoech saroea bae dieung maehan maneh, mere Inl. meerderheid mah, da kapan Indie teh beunang nini dojang oerang.

Waaahhhhh... djieung loba-loba deui tjaritana, estoe kabeh matak sedil ngidengekeunana atawa matjana teh. Tjajakau lamoen njarita kitoea teh dina priboemi loba, meureun matak roesoeh gede, hudena bae bet dina wawangonanana.

Tab, pantar kitoe capaitna teh, estoeung laag sabelditeoenn ti laag. Henteu ngingetkeun ka dirina sora ngan, jen teu boga lemboer matoeh, ka toto teu kaasoe, ka oerang priboemi ngahilina. Tjingung... naha rek koe saha kaakoena atoech?

Abong abong soengot teu diweng koe, letah teu toelangan, bet omo ngan taja pisan perjoena.

Hajoh noeding noeding intellectu eelen oerang priboemi, ngaloeloeokeun kana Koemin tjenah, djieung kennisia oge maal bisa disaroekkeun djieung Indo madjarkeun teh. Toeh... geura mangga maranahan, palebah mana argumentna?

Da oepama kitoe taraladjakra, koering mah teu ngerong kana pisaralameunana. Malah hal ieu perloe ditjempag (direm) koe pamarentah.

O. N.

Soelaja djieung pangharepan.

Dina waktos ieu tangtos maal aja noe direut Ajna geudjeungna noe ngaloeloeokeun perkawis "Inlandsche meerderheid" noe keur di prostel koe kangdjeng Besar. Dina roepi roepi serah kabat teu aja deul noe djadi poko wartos toeboeka tjarita lian ti eta perkawis. Roepi-roepi pagoejoeban ngahadja ngadamel pahadring kanggo mirempagkeun koemaha nam-pina atanapi ngagapna eta prostelana anoe bakal ngarobahkeun kana kahiroepan roepi-roepi golongan. Ari keur bangsa oerang mah geus teu koedoe ditjarita, ngan woengkoel ngeunah noe aja da puegoeh noe keur dibelaan, dina djadina teh noe bakal metik boeahna (soesoeganan? Corr). Tapi bangsa kacoem kapalang atawa noe teu resepeun ka oerang mah, kawasna katjida pahiboetna, boream memeh pek, lalawang satatjana, ararioggis memeh ngadjadi.

Ari bangsa panembahan kali Besar mah djieung sabatoerna noe teu aroejahan, oelah ditjaritakeun deui, eta mah meak-meakkeun tanagana, tjeroet-tjoret saban pe nesoeokan ngentjanganatoehoe didasaran koe ati sirik pikiran hiaut, njingsieunan ngalelewang malar pada uolok oelah ngarempoeung kana eta prostelana.

Pagojoeban anoe pangheulana ngarempoeungkeun hal eta, nja eta I. E. V. Hoofdbestuur di Batawi, ngajokeun pahadring dina tg. 18 September.

Ma'oen sim koering oerang desa, teu saba ngira, teu patos tereng dina haloeanana hidji-hidji pakoeupoelan kono ari kana koempoelan kangdjeng toean kangdjeng toean mah waktos mireng bade aja eta pahadring teh, bet matak gede hate. ageng pangharepan, koe emoean jakta oge pagoejoeban kangdjeng kangdjeng Toean. tapi soegan maal telenges teuing eta mah, da boektina teu sakoemaha bedana djieung oerang, toer badjana sok bareuki peuteuj kawas oerang. Katoeroeg - toeroeg "piendjinganeun pahadring mendak artikel dina Bat Nieuwsblad noe ngango titel "Fair play" kaloearna ti Hoofdbestuur I. E. V., bet raos kakepingna teh djiga-djiga noe bakal pro ka oerang.

Sihoreng eta mah ieu lain-lainna deui Ma'oen ari noe djadi Hoofd bestuur mah salienteu-hanteuna djilema djilema noe terpladjar lega pamandanganana, leuwih lemes politiek-na ti batan korowodanana. Ana bet teh matja uutlenana bet geuning djieung ier tadi teh beurang djieung peuting. G.uning anoe njaraita teh anoe bangsa teu sroeni bae, tjaritajarita teu matak alesan, deet, djapiloe, doesoeh... heudeub rek njaritakeunana oge hajang seuri heula. Kawasna noe maradjoe teh bangsa djigodjago ti gang Ketjap woengkoel katoeroeg-toeroeg sahan noe njarita, ger dikeprok, paoedje kawas kanoeh maehan andjing edan bae, Beuki ngatjo, beuki tarik ngeprokna. Semoena aja oge hidji-hidjeun noe rek njarita bener, teu wanieun, sieuneun dikoe-roeboet koe pamatang-pamatang ti gang Ketjap.

Geura ieu tjariosnana aja parelem. Noe ngawitan njarios Djoe. Guil-lonard, Pokna bangsa oerang teh tatjan meudjeuhna dibere pangaroeh noe tjoekeup lantaran "nog niet rijp" tangtos matak ngadjadikeun baja ka bangsa Indo. Tjuntana di Bogor geus aja kadjadian aja hidji pagawean dilamar koe doea awewa, noe hidji bangsa Priboemi, noe hidji deui bangsa Indo, deui noe ditampa bangsa Priboemi, padahal tjenah "met de zelfde capaciteit." Pikeun kahiroepan bangsa Indo noe teu boga sartipikat katjida soesahna.

Hih ari Djoeragan, atoech sanes keur bangsa Indo bae, pikeun sagala bangsa oge djaman ajeuna mah soesah ari teu kagoengan sartipikat mah; eta mah henteu matak djadi sabab teu moepakat kana "meerderheid."

Perkawis istri-keu kaeleheun koe bangsa Priboemi, kapan saer Djoeragan sami capaitna. Ana kitoe, atoech teu aja sababna geusan teu raos manah, ba teuing tjeuk noe nampi teh: "Ah ari saroea mah pangabisana, tinimbang anoe kafalang-kafalang mah, hideung-hidjeung oge, mending njokot noe toelen."

Perkawis dianggap matak djadi baja, eta mah tatjan kanteuan, noe geus poegoech bae bangsa Priboemi teh boga tabe'at sok daek ngakoe ka tamoe, soengkan meunang, daek eleh. Geura

noe geus boektu bae, noe datang, ka dieu mah, ti Arab ti, Hindoeatan sakitoe haridengna teh, diseboetna mah Toean bae, imalah anoe hajang diseboet kangdjeng Toean, ditoeeroek-keun bae.

Doepi kasoeran "nog niet rijp" eta djaman ajeuna mah parantos "verouderd" koe noe geus lega pamandanganana parantos teu patos diango. Oepami Djoeragan, kersa ngalagaan pangalang tina hal gerakan djaman, tangtos maal kagoengan emoean kitoe noemawi oelah woengkoel ningali ka toekang sajoer, margi kelas eta teh di sakolah doenza oge aja, maal tiasa leungit, nja kitoe deui di Europa.

Tidjina disamboeng koe Djoe. Quex. Leuh! Ieu mah langkoeng gagah saorna: "Pikeun mere wakzil bangsa Priboemi di Volksraad, taja petana." (Noen, naha poetoessana teh basis di tibakeun koe Djoeragan?). "Moet aan die menschen overgelaten worden over onze zaken te oordeelen?" "Neen, en nogmaals neen."

Aeh aeh, emoe Djoeragan sing emoe, na aja bendoe kabina-bina teuing. Sihoreng ari Pangagoeng li soeng, ari geus bendoe matak sieun, geura ieu: "Zo lang de Inlander niet voldoende capaciteit en energie toont om ons te eveharen." Tah geuning dawoehan eta Pangagoeng oge kitoe, noe matak oerang oelah sok hajang ujaroeh - njaroekkeun maneh, tjenah oerang mah tatjan bisa nembongkeun "energie."

Roepera ieu mah koe bawaning bendoe datangka lali "jen bangsa Priboemi oge ari dipadjoekkeun mah make aja noe barisaeun meunang titel Dr. Mr. datangka aja noe djadi Professor pisan.

"Wij zijn op stuk van zaken de menschen die hier de zaken tot stand brengen, door eigen kracht."

Emb! jaktos, oepami teu aja gamparan mah, manawi oerang dieu teh ditataudjang keneh bae, tjara di Papea.

Saer Djoeragan Douwes Dekker, noe bakal diparilih teh bangsa intel-lectueel nja eta noe sok ngasoe-ngasoe kana commonisme.

Atoech meureun bae sok digalak koe Djoeragan-Djoeragan Senneu mah tara hoeroeng, oepami teu aja soeloeha. Geura noe sakoemaha lin-deukna oge ari ngoeingkeun saer saer Djoeragan-Djoeragan dina ieu pahadring, maal datangka teu getak, teu ngentab. Ari Djoeragan Chavannes mah aja renous koe toeroenan, geura pozna oge:

"Sanadjan oerang henteu didjoeroe keuu di "Koelon", tapi memang oerang toeroenan "Koelon". Soemoe hoen, malah Djoeragan mah kaloearna tina bema batoe, nja kol?" "Wij zullen handhaven, toont dat Indo's."

Tereboet kami ini. . . . Hiiih, ieu mah matak sieun. Pantessa teh djangkoeng gede, hideung, koemis tjapleng, mata beuream, ngomongna bari moentir koemis; diwalon koe sora leutik: "Mangga."

"Wij zijn Westelingen die gewend zijn de leiding te geven. De Inlanders zijn onze Assistenten, meer niet." Diwalon deui koe sora noe leuwih leutik: "Jawell, de Inlajer hij moet afgeieerd."

Ari Djoeragan De Jong Zwemer mah bet kawas noe ngadjak diadoe, reueus koe djasa: "Bangsa priboemi pantes dibere "meerderheid", tapi koedoe saroea djasana dina bab dagang, economie, landbouw dj. a. t."

Lamoen seg aja Ki Marhaen dina eta pahadring, meureun ngadjawab kieu: "Kangdjeng toean, djangan bilang-bilang lauba-lauba begitoe, ja apa Kangdjeng Toean tida taoe, pete sama djieugkoel itoe kita orang jung tanem? Laen kali kita tida djoel hoor!" Naha djeroagan maal sesah?

Anoe pang kamanahna koe noe ngadarangkeun kawasna djoeragan Dossavogie, da boektina pang lilana dikeprokna, pika Priboemi noe 40 mijoen teh samasakali taja hartina, noe asoep kana golongan intellectu-el mah katjida saentizna, tjenah pangna njarita kitoe lain niat njeun teu ngeunah, tapi koesabab koedoe ngaloeloekeun alesan. Panoengtoenganana ojeboetkeun katjida teu moepakatna kana mere "meerderheid" oelah-oelah ajeuna sanadjan 300 taoen deui oge masih tatjan moepakat.

Kawasna ieu mah tjaritana teh geus teu koedoe disoerahan deui, da noe kagoengan oge parantos ngakoe sorangan, basana kapaksa lantaran

koedoe ngaloeloekeun alesan. Eueuh-eueuh paingan atoech ari kitoe mah tinggorowokna teh kawas noe kasandjangan maal salah meureun anoe sedjen-sedjen oge njakitoe bae lantaran kapaksa koedoe ngabidjilan. Tapi tjing atoech sakalieun dina pahadring gede mah oelah pados ngahgah bae, abong biwir teu diweugke, tjing atoech ngaloeloekeun alesan teh masing kapaksa oge, noe pantes, noe bereh oelah katjiri teuing make dasar hate bentji toer ketjing, pikiran noe sirik pidik, doesoeh taja panemoeh, kasar taja pangadjaran, kasoeroeng koe napsoe, Djiga noe ngoemar amarab tinggorowok padoe poesa, katjiri teu boga batin, taja rasa roemasa, moengkir ka asli. . . . abong-abong kawas noe satorodjona ti-gang noe belok, teu biasa ujarita dua koempoelan woengkoel ngaloeloekeun tjarita noe matak oelah iga.

Namoeng sakitoe deui noehon Djoeragan-Djoeragan noehon, lantaran parantos masih loewang, ajeuna mah ka Djoeragan-Djoeragan teh parantos terang dina djaba djerona, geuning teu pira ngan sakitoe-kitoea, eusina teh. Loemajan ari parantos terang mah, kanggo kapajeunna maal datang ka salah rampa. Teraskeun bae, teraskeun, loemajan kanggo sideroeh keur noe masih ngaraos tiis. Meng-gah ka Djoeragan noe hojong hiroep 300 taoen, insja Allah didoakeun pisan, moegi-moegi tiasa dikaboel paoehoe-na, malah mandar iasa moepoa boeah tina bibit noe ajeuna keur disebarkeun koe andjeun, malah kawasna mah samemehna 300 taoen oge parantos tiasa kaala.

Sakali deui hatoer noehon!
Wong desa.

Kahatoer.

hing pangera Pangagoeng Post. T. T. di Hindia.

Sering pisan Administratie Sipatahoenan nampi serat ti langganan, babakoena noe di loereun keta noe teu aja kantor post sareng ti hidji doea langganan di tempat noe aja kantor post, jen Sipatahoenan henteu angger katampina. Ti Administratiea mah angger oenggal minggoe dikintoen Tjua eta gadoeh paoehoeu ka Pangagoeng Post T. T. koemaha oepami djilema-djelema "di loear kota noe uampi serat, drukwerk a serat kabar dikintoen serat Controle soepados dieusian.

Oepami eta serat Controle dongkap deui ka post, tjiri jen eta serat a drukwerk katampi. Ajeuna oge parantos aja atoean Controle kieu teh, namoeng roepina ngan didjalankeun di kota bae. Pamoegi ieu djadi per-timbangan Pangagoeng P. T. T. margi kaajaan ajeuna katjida matak ripoehna ka djilema seueur (publiek).

Sareng pamoegi oepami Sipatahoenan dikintoen ka hidji djilema, ladjeng eta djilema teu aja atanapi teu daek nampi, soepados "Sipatahoenan" euggal dikintoekeun deui ka Administratie.

Hoermstna
Administratie Sipatahoenan
Tasikmalaja.

Sipatahoenan sareng Lang-lajang Domas.

Seueur lid Pasoendan noe langganan Sipatahoenan sareng boemina di tempat noe teu aja tjawang "Pasoendan" moendoe dikintoen Langlajang Domas teu kintoen ngadjadikeun bingaha-na ka noe djadi Bestuur "Pasoendan", wireh seueur para Djoeragan noe kersa maas L. Domas djadi lampiran Sipatahoenan sareng dikintoen ka sadaja langganan Sip. nanging kala-jan moepakatna Hoofdbestuur "Pasoendan" soepados oelah djadi abot teuing ongkosna, L. Domas dipisah-keun bae ti Sipatahoenan. Koe margi eta ajeuna L. Domas henteu dikintoen deui ka sadaja langganan Sipatahoenan.

Paradene kitoe manawi seueur keneh bae Djoeragan langganan Sipatahoenan noe kersa maos L. Domas. Ajeuna koe Administratie Sip. bade diaoer kieu bae. Soepados keur Djoeragan oelah djadi kaabotan sareng keur H. B. teu kedah seueur teuing ngaloeloekeun ongkos, Djoeragan langganan Sipatahoenan noe hojong dikintoen L. Domas disoehoeun kersa masihan anggoeun ongkos ngintoen-

keun sareng seueur eutikeun ongkos njitak. Manawi oepami Djoeragan dina sakwataul neintoen pangawentikna f. 0,50, noehon oepami langkoeng.

L. Domas aban kaloeur dikintoen ka Djoeragan boh dihidjikeun sareng Sipatahoenan boh misah. Artos anggoeun ongkos L. Domas tea sae kintoenkeun sareng artos langganan Sipatahoenan, seratkoeun bae dina strook postwissel moendoet dikintoen L. Domas.

Ieu toeran anggoeun sadaja langganan Sip. djadi lid atanapi sanes lid Pasoendan oge sami bae.

Adm. Sip.

Openbare Vergadering.

Pasoendan di H. I. S. "Pasoendan" Kebon Tiwoe Tasikmalaja dina dinten Minggoe 9 October 1927 ngawitan taboeh 3 endjing.

Noe bade dibarempagkeun. 1 Robahan seueurna lid Volksraad bangsa Priboemi (Dj. Soetisna Sendja-jah).

2. Rad Kahoeptan sareng begroeting Kahoeptan Tasikmalaja 1928.

3. Kaperloean desa sareng begroeting desa (Dj. Moch. Enoch).

4. Irrigatie di Tasikmalaja. Pauze.

Besloten Vergadering.

a. Robahan organisatie "Pasoendan" noerotteun gerakna djaman.

b. Rondvraag.

c. Milih bestuur anjar.

Sadaja djoeragan-djoeragan dihatoe-rauan soemping ngaloeloekeun openbare vergadering. Penting teu kintoen, perloekoeun soemping keur "ngoroekkeun kaperloean oerang sareraa tembongkeun hodjah oerang, tembongkeun kabehang oerang.

Hoermatna Bestuur Pasoendan
Tjatang Tasikmalaja.

Ahmad Atmadja
Voorzitter.

D. Soemiratmadja
Secretaris.

N. B. Noe teu atjan oemoer 18 tahoen teu kenging ngaloeloekeun ieu vergadering.

Drukkerij Pasoendan sareng Sipatahoenan.

Hanas tadina mah parantos gede hate ngaloeloekeun "Aandeel Druk. Pasoendan noe saroeopian. Oepami aja 1000 langganan noe kersa ngagaleuh 2 aandeel saerangna, parantos aja modal f. 2000.—. Manawi parantos eungkeut-eungkeun njake'an kana pangaoes pers (panjittakan) noe tjekap keur "Sipatahoenan. Na matak ngerakeun, doegi ka ajeuna moeng aja artos aandeel ti loear teh f. 56 (lima peuloeh genep roepia). Noe mawi Sip. katjida ngaraos perloean hojong ngagadoehan pers sorangan nja eta da ari maksad mah oelah ngan rek Saminggoe sakali bae. Atoech teu tiasa sabab dinten, soegati saboetoeha saminggoe doea kali mah.

Kapoengkoer parantos seueur langganan noe moendoet soepados Sip. kaloeur saminggoe doea kali, nanging babakoena noe djadi wigelan dina njitakna. Kantor tjitak Soekapoera aboteun teuing oepami njitak Sip. saminggoe doea kali, margi kedah ngemoetkeun ka langganan noe sanes, margi njitakna teh apan sanes Sip. bae. Ajeuna oge parantos ka opat tahoen djalan Sip. koe angger "parantosna ditjatak di Druk. Soekapoera, Sipatahoenan parantos kahoeangan djasageung pisau koe Druk. Soek.

Oepami Sip. hojong langkoeng ti saminggoe sakali, kapaksa kedah gadah Drukkerij sorangan noe tjekap. Jaktos ajeuna Pasoendan Tasik. parantos gadoeh druk, nanging da koemaha teu tjekap keur njitak Sip. saminggoe sakali oge.

Doeka koemaha atoeanana soepados Sip gadoeh druk, noe tjekap. Roepera ajeuna djalanna oelah rentjed teuing sandil f. 1.—. Kapajoen manawi bade dirobah organisatiena (atoeranana) Soegan para Djoeragan aja noe kersa masihan bongloengan, tjobi koemaha? Soepados oelah ngadjadikeun awon ka nami. Pasoendan sareng Sip. artos aandeel noe saroeopian tea, bade disanggakeun deui bae ka djoeragan noe parantos merloekoeun ngintoen tawis kasitiaan, soepados oelah djad

Wartos ti Administratie

Minggoe ieu ka sadaja djoe-ragan langganan noe teu atjan majar artos langganan kwartaal ka IV 1927 dikin-toen postwisselformulier.

Disoehoenkeun soepados artos langganan enggal ka-tampi koe Adm. Sip.

Bilih bae aja noe parantos majar kw. ka IV ladjeng nam-pi postwisselformulier disim-pen bae sareng dianggo di mana perloena.

Soepados ngagampilkeun ka Adm. langganan di Ban-doeng oge dikintoen, postwis-selformulier.

Student Indonesia di Nagri rek berontak.

Tjek Locomotief:

Dina waktos nangkapan Student Indonesia kanjahoan jen aja maksoed rek ngahodangkeun pemberontakan di Indonesia, nja eta koe ngariboet-keun di tempat sedjen soepaja Batawi kosong, maehan opsir-opsir ng'adjak ka serdadoe bangsa Priboemi soepaja miloe.

Kawat Aneta, 23 September 1927 ti Den Haag:

Politie djeung Justitie di Den Haag, Leiden, djeung Amsterdam dina peuting 23 Sep. bareng ngagaradah imah-imah Student, noe disangka rek berontak ka Pamarentah Nederland.

Di Den Haag noe ditangkep nja eta Moh. Hatta, Voorzitter Perhimpoeuan Indonesia.

Di Leiden noe ditangkep teh Sas-tromidjojo noe dihoedangkeun tina randjang.

Djaba ti ieu aja deui noe sedjen, noe aja di djaln Oldenbarneveld.

Moh. Hatta djeung Sastroamidjojo ditahan dipangberokan.

Pakarang teu kapanggih.

Politie anoe geus ngintip ti tadina, ajecna njerek, lantaran ngadenge Sastroamidjojo rek balik.

Nangkepna noeroetkeun art. 131 tina Wetboek hoekoeman.

Noe kapanggih karepna noe kase-boet di loehoer.

Studenten noe sedjen, noe aja di Leiden sarta teu ditangkep, teu'ngakoe babarengan djeung Moskou, tapi ngakoe jen sok aja noe meunang toendjanganana doeit ti Moskou, anoe dianggap biasa.

Noe njeweakeun kamar di Leiden (Kaiserstraat nerangkaun jen sapoeleoh poe katoekang Soewarso kasemahan koe noe teu wawoeh. Lila-lila kanja-hoan jen eta semah teh ngaran Adi-ningrat noe datang ti Den Haag.

Di Leiden istrina djeung poetrana Djoer. Sastroamidjojo kantoen.

Lain Communist.

Saoer istrina Djoer. Sastroamidjojo: Koering sareng lain Communist, tapi rek merangan, parentah deungeun.

Di Leiden teh aja 4 kampoeng (?) perseel anoe digarudah koe Inspecteur politie dieung 4 recherche lantaran teu njaho imahna.

Di Amsterdam mah teu bisa lanta-rap teu njaho imahna.

Doea deui noe ditangkep nja eta Djoeadiningrat djeung Nazis Pamoent-jak, oge dibawa ka Den Haag sarta dikapangberokan.

Sanggeus noe opatan tea dipariksa, teeloj ditoeoep deui.

Oenggh bale watangan

Bapa, geus matja „Sipatahoenan” No. 13, noe aja katerangan dina djoedoelna saperti ieu noe kaseboet di loehoer; barang breh oge matja djoedoelna, bapa matja teh diberoe-boeroekeun pisan, hajang geura terang koemaha postoesanana „Pangadilan Tasikmalaja” ka noe ngaborehun koe noe seungit-seungit di boemi Djr. Soetisna sareng Djr. Atma.

Tapi katjida ngarasa handjakalna bet . . . sakitanana oge, bapa make rada ngarasa keuheul, tapi lila lila mah seuri konong oge, sri ras dja-wabna si sakitan asa dina si Eon keur bobodoran.

Katjida bapa, miloe ngadoedoea moega-moega eta djalma noe ngabo-reh sing gantjang beunang, sarta moega-moega djalma celah aja noe daek ditepaan „Djoerig pateuh.”

**

Aloer kapoengkoer, loeang katoekang

Geura aremoet-emoet.

Djaman bahuula, tapi herteu ba-huula-bahuula teuing mah, eta bae djaman bapa keur ngora keneh; im-moen aja hidji djalma ngewa (idjid) ka batoerna, tapi manehna teu wani, ari ngewa panteg kawani keukeuh teu aja toengtoengna manehna min-dang saraja ka noe aja kawaniahana, ngoelikeun ngadeg atawa neunggeul, malah tjek oerang kampoeng mah sok aja noe ngoelikeun nganeloeh sina paeh.

Tapi ingetan bapa djaman ajecna oge, eta kadjadian kitoe teh masih aja keneh bae, ngan ajecna rada oge lemes meueusan atoerana; sanadjan lemes boeni oge, sabab eta kalakoean teu idin ti noe Maha Soetji, tangtoe awal ahir kaboker (kaboeka); tjek paribasa tea mah saboeni-boenina noe tangtoe kanjahoan bae.

Bapa Dongeng.

Makan pagi.

(Samboengan).

Noe kitoe teh djang, moal boa aja basa teu karasa, aja harti teu kasoerti. Gawena tjalawang-tjeuleuweung tjara di leuweung, aja doedoea wiwaha, aja basa „biwir teu diwengkoer” toenggoel diparoe, tjatang diroempak. Lain asongkeuneun ka medan diparataan. Tjara oedjang ajecna, ngakoe nje mbali ka noe Maha Soetji, Goesti Allah, bo-hong hae.

B: Naha bohong, da abdi mah sa-enjana?

A: Abdi noe saestoena mah, (coe tigin noe toehoe), tara koengsi nganaha-naha ka Goestina. Tjik, karasa, tadi oedjang geus hidji oetjup kitoe? Ngarauna mapadani.

B: Roemaos, pisan. Tapi saha atoe? Goesti abdi noe sajaktoena?

A: Kangdjeng Goesti Jang Maha bingoenng.

B: Naha bingoenng-bingoenng dipigoesti?

A: Oedjang, ajecna keur kaparen-tah, kaerch, kapoerba koe sangi-ang bingoenng. Atoeh da kitoe boektina, rek koemaha deui, mah-sih moengkir saratoes moeng-kir oge, da ieu mah tjarita sa-enjana. Karasa ta henteu?

B: Kantunan, ari karas tea mah.

A: Tah noe matak tjek kolot: maneh njembah, sing nepi ka karasana! Hartina, mana bae noe karasa, enja-enjana pigoestieun pribadina; nacljan ditampik dipoengkir, moal daekun robah atawa wah gingsir.

Aja samboenganana.

Ngalereskeun noe lepat

Ngawitan Vergadering Pa-soendan Tasikmalaja ping 9 October '27 sanes taboeh 3 endjing nanging taboeh 9.

Koropak.

Djrg. Djrg. noe Karanganana teu atjan kalebetkeun, moegi sabar doegi ka nomer pajoen.

Red.

K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Tanggal 23 September Areta nela-gram ti Den Haag jen sababaraha oerang Indonesia ditangkep koe poe-lisi djeung Djoestisi, lantaran mara-nahanana dilakwa njieun koempelan rasiah (complot) pikeun ngalawan Pamarentah.

Di Den Haag Moehamad Hatta asal ti Soematra Voorzitter Perhimpoeuan Indonesia geus ditangkep. Di Leiden noe ditangkep Sastroamidjojo, keur sare di Wass Straat dieung hidji deui bangsa Indonesia (Priboemi Hin-dia) Djoeadiningrat.

Noe ditangkepkan herteu kapanggih ngabogean pakarang. Noe matak ditangkepkan nja eta noeroetkeun artikel 131 Strafwetboek (boekoe hoekoem), lantaran maranehanana boga niat arek berontak. Djalanana berontak di Indonesia koe serdadoe serdadoe di djero dieupanan koe ka-riboetan di loear kota. Oepama Serdadoe geus kaloeer ti kota teeloj, opsir-opsir di kota ditelasan soepaja serdadoe Priboemi bisa ngahidji djeung kaum pemberontak.

Oerang Indonesia di Leiden noe

teu ditangkep teu ngakoe jen geus satoedjoean djeung Moskou. Bener sok aja noe dikirim doeit ti Moskou tea mah, tapi ieu mah beunang diseboet toeloengan biasa bae.

Di Wass-Straat tinggal pamadjika-nana Sastroamidjojo djeung anakna. Pamadjikan Djr. Sastro njarita kieu: „Oerang henteu boga toedjoean koemini, tapi rek ngalawan noe ngalan-dih lemah tjaj oerang.”

Djr. Nazis Pamoentjak oge ditang-kep sarta ditoeoep di boei. (Bener henteuna ieu kabar djeung naon noe djadi lantaran senja-enjana nangkapan oerang Indonesia di Nederland oerang dagokeun nepi ka aja kabar ti pihak sedjen Red. Sip.).

Advocaat Mr. Duys rek ngabela perkara Studenten noe ditangkepkan. Mr. Duys rek neangan daja, oepaja soepaja Sastro dibere perlop pikeun miloe examen.

21 Matros kapal Vechtdijk marogok emboeng miloe lajar.

Kareta api di Serang naradjang mobil bangsa Tionghwa. Noe ngu-sianana njonja Tan A Siong djeung soepir harita keneh „maot. Djoeragan Lim Kang To djeung njonjana tate parna, nja kitoe deui hidji baboe. Sakabeh noe tjilaka dibawa ka roe-mah sakit, Mobilna hantjoer.

Di Djember geus tiloe poe-aja bae hoedjan leboe ti Goenoeng Raeng.

Toean Lefebre oeroet Resident Soe-matra pasisir kolon ajecna djadi pembantoe soerat kabar Het Volk njeboet noe djadi lantaran Pamaren-tah teu mere idin kr Lou de Visser pikeun ka Hindia teh nja eta sieun kanjahoan koemaha djalanana ngabas-mi karoesoehan koemini di Hindia tea, nja eta make djalan kasatun (beestachtig) henteu ngingetkeun ka-manoesaan. Toean Van der Pol njaritakeun perkara ngala kaentoe-ngan di Hindia (exploitatie). Ambte-naar. Ambtenaar toedjoeanana, ngan hajang ngagedag-gedag tangkal ngar-hal boeahna.

Njonja Henriette Roland Holst njeboetkeun pers Walanda di Hindia karereanana kotor, kasar djeung pi-uoeh koe bohong.

Noe kaseboet di loehoer kabeh miloe djadi pembantoe pagojoeban (liga) pikeun ngadjaat tanah djadjahan tina tindesan deungeun.

Insinjoer Bilitou tinmaatschappij Van den Broek dikirim ka Afrika kidoelsoegan di tanah Afrika aja tin (timah bodas).

Koemini Samba di Pandeglang koe Raad van Justitie di Batawi di-bere hoekoem pati.

Pagojoeban Moehammadijah dina taboeh 1928 rek meunang bagian tina lotre gede pikeun nambahan kas tudiefonds, djeung poliklinik.

Gadjih Wethouders di Batawi di-voorstel ditaekkeun tina f 400 kana f 750 saboelan ditambah wang Djalan f 150.

Afdeeling C. E. P. bagian Priboemi di Bandoeng moepakat kana robahan reana lid Volksraad Priboemi djadi 30.

Grandhotel di Braslogi (Soematra Wetan) kahoeoran. Roegina aja f 100.000. Brandkast dieusi wang keretas diboea, kabeh wang keretas f 10.000 toetoeang. Eta brandkast bocatan Djerman.

Di Amerika ajecna keur mimiti didjieun ti New York ka New Jersey sasak gantoeng noe pandjangna 1500 K. M.

Preanger Chemicalien Handel Telefoon No. 76. Salamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainja, Minoceman, Seracetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

ADRES noe parantos KASOROR DAHJAN Tasikmalaja. EEREDIPLOMA MEDALI MAS.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG). Tasikmalaja Telefoon No. 7. Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Good-year, Deulep, sakaljan sareng parabol pikeun Auto (Cnderdeelan).

Toko OBAT NIC MULLER TASIKMALAJA. Goenoengladoe 15 Telepon No. 26. Sagala LANDONG sajagi sapertos. Rajeopoetih toelen. Minjak Hades. Landong njeri kahampangad.

Boekoe-boekoe basa Melajoe. BAROE TERBIT. Boekoe Padoman sannemer Prijai B. O. W. dan Irigatie Isinja 1. Atoeran dan ongkos-ongkosnja pekerdjaan menggali tanah.